



KI JAN MOUN DWE RANPLI APLIKASYON LOKAL BRAWÒD KONNTI KOTE MOUN PARE MOVE TAN POU MOUN KI BEZWEN SWEN ESPEYAL POU SANTE YO EPI POU YO JWENN ÈD NAN PWOGRAM TRANSPÒ LÈ LETA PASE LÒD POU YO KITE KAY YO

1. POU MOUN KI RETE NAN BRAWÒD KONNTI MANDE APLIKASYON, OUBYEN POU YO JWENN APLIKASYON, YO KAPAB RELE BIWO ENSKRIPSYON POU MOUN KI BEZWEN SWEN ESPEYAL POU SANTE YO. NIMEWO A SE (954) 537-2888 (OSWA (954) 537-2882, LIY ESPEYAL POU MOUN KI PA TANDE BYEN AK MOUN KI PA PALE BYEN). OSWA TOU, YO KAPAB PRAN APLIKASYON AN DIRÈKTEMAN SOU ENTÈNÈT SI Y ALE SOU SIT WÈB KONNTI A GENYEN POU MOUN KI PI AN DANJE KAPAB PREPARE TÈT YO. SIT WÈB LA SE www.broward.org/atrisk. LÈ W SOU SIT LA, KLIKE SOU BOUTON KI MAKE "MEDICAL NEEDS" LA.
2. LÈ W JWENN APLIKASYON AN, TANPRI RANPLI L DAPRE ESPLIKASYON KI MAKE SOU LI. SIYEN L EPI MAKE DAT LA.
3. SE POU W KENBE YON KOPI APLIKASYON OU FIN RANPLI A POU DOSYE PA W.
4. VOYE KOPI ORIJINAL APLIKASYON OU RANPLI A PA LAPÒS BAY:
BROWARD COUNTY HUMAN SERVICES DEPARTMENT
ATTN: HURRICANE PREPAREDNESS
2995 NORTH DIXIE HIGHWAY
FORT LAUDERDALE, FL 33334-2640
5. TANPRI KITE TWA KAT SEMÈN PASE POU BIWO A KAB GEN KONT TAN POU YO TRIYE APLIKASYON YO EPI POU YO TRAVAY SOU YO.
6. SI W BEZWEN PLIS RANSEYMAN SOU PWOGRAM NAN OUBYEN SI W BEZWEN KONNEN NAN KI PWEN APLIKASYON W LAN RIVE, TANPRI TELEFONE BIWO ENSKRIPSYON AN NAN NIMEWO TELEFÒN KI MAKE PI WO NAN PAJ SA A.

SI W BEZWEN LÒT ENFÒMASYON TOUJOU SOU PWOGRAM NOU POU MOUN BRAWÒD KONNTI KI PI AN DANJE KAPAB PREPARE TÈT YO (ANN ANGLE "VULNERABLE RESIDENT PREPAREDNESS"), TANPRI ALE SOU SIT NOU AN:

www.broward.org/atrisk